



RANGKUMAN BAHASA SUNDA KELAS 2

Pangajaran 1 : Hirup Rukun Sauyunan

A. Wacana

Murid Anyar

Dami téh murid anyar di kelas dua.
Datangna ka sakola karék poé kamari.
Anyar datang mah éraan.
Sabab can boga kawawuhan.
Ku ibu guru diwanohkeun heula.
Tuluy Dami nyebutkeun ngaran.
"nami abdi Dami.
Asalna téh ti Tasikmalaya."
Sanggeus wawanohan mah jadi sonagar.
Murid anu sejenna jadi wanoh ka Dami.
Komo jeung Gilang terus nyobat.

B. Kecap anu diharitikeun kana bahasa Indonesia

1. anyar = baru
2. poé = hari
3. éraan = malu - malu
4. sabab = karena
5. boga = punya
6. kawawuhan = kenalan
7. diwanohkeun = dikenalkan

- 8. ngaran = nama
- 9. sanggeus = setelah
- 10. wawanohan = berkenalan
- 11. sonagar = berani, tidak malu – malu
- 12. séjénna = lainnya
- 13. nyobat = bersahabat
- 14. komo = apalagi

C. nyaritakeun gambar




Didi jeung Wawan keur silih cekel


Pigawé kawas conto!











D. Ngagunakeun aksara (huruf) é, e jeung eu

Conto kecap anu ngagunakeun huruf é :

- méja, jandéla, sapéda, karéta, téko, loték, bonéka, mésér

Conto kecap anu ngagunakeun huruf e :

- getol, kelas, dinten, tumpeng, sareng

Conto kecap anu ngagunakeun huruf eu :

- seuri, peureum, peuting, jeung, deui, beureum, sampeu, ceurik, peuyeum

E. Aksara Gedé

Gunana aksara gedé (gunanya huruf besar)

Aksara gedé sok digunakeun pikeun : (Huruf besar biasanya digunakan untuk)

1. **Awal Kalimah** (mimiti nulis) :

Conto :

- **B**onéka abdi saé pisan.
- **S**awah Mang Junéd lega pisan.
- **A**yeuna abdi tos kelas dua.

2. **Ngaran jelema** (nama orang) :

Conto :

- **M**ida sareng **D**ami angkat ka sakola.
- Ibu **I**da nuju balanja.
- Guru anyar bahasa sunda namina **Bu Intan**

3. **Ngaran tempat** (nama tempat) :

Conto :

- Abdi lahir di **B**andung
- Dani badé angkat ka **J**akarta
- Gudeg salah sahiji kadaharan has **J**ogjakarta

4. **Ngaran poé** (nama – nama hari) :

Conto : Senén, Salasa, Rebo, Kemis, Jumaah, Saptu, Minggu (Ahad)

- Kamari poé **S**enén, ayeuna poé **S**alasa.
- Ayeuna poé **R**ebo, isukan poé **K**emis.
- Dina poé **J**umaah teu asup sakola.
- Unggal poé **A**had Mida angkat ka Bandung.

5. **Ngaran bulan** (nama – nama bulan) :

Conto :

- Bulan **M**aret Fajar ulang taun.
- Bulan **J**uni sakola peré.

A. Wacana

Ucing – Ucingan

Pasosoré Marni ngajak babaturanana. Ucing – ucingan di buruan sakola. Sanggeus ngumpul, Marni sabatur – batur néangan heula saha nu jadi ucingna. Marni jeung babaturanana tuluy ngariung.

Marni namprakeun dampal leungeun, sedengkeun babaturanana némpélkeun curuk kana dampal leungeun Marni. Pok Marni ngawihkeun kakawihan :

“cingciripit

tulang bajing kacapit

kacapit ku bulu paré

bulu paré seuseukeutna

jol Pa Dalang

mawa wayang jrék-jrék nong!”







Waktu nyebutkeun jrék-jrék nong, dampal leungeun Marni dikeupeulkeun, curuk Wiwi kakeupeul. Barudak beretek lalumpatan da sieun katoél ku Wiwi.

B. Harti Kecap

- | | |
|--------------------|-------------------------|
| 1. Pasosoré | = waktu sore |
| 2. Di buruan | = di halaman |
| 3. Ngariung | = berkumpul |
| 4. Namprakeun | =membuka telapak tangan |
| 5. Némpélkeun | = ditempelkan |
| 6. Dampal leungeun | = telapak tangan |

7. Ngawihkeun = menyanyikan
 8. Dikeupeulkeun = dipegang
 9. Beretek = istilah untuk berlari
 10. Katoél = terpegang

C. Rupa – rupa Kaulinan Barudak

 <p>boy - boyan</p>	 <p>congkak</p>	 <p>jajangkungan</p>
 <p>oray - orayan</p>	 <p>sondah</p>	 <p>ucing sumput</p>
 <p>bebenténgan</p>	 <p>maén kaléci</p>	 <p>sapintrong</p>

D. Kalimah Ajakan

Cara ngajak ka babaturan (cara mengajak teman)

➤ Conto :

- **Mida** ngajak ulin ka Santi.
Ceuk Mida," San, urang ulin, yu!"
- **Rina** ngajak diajar maca ka Ripa.
Ceuk Rina," Rip, urang diajar maca, yu !"
- **Sinta** ngajak ucing – ucingan ka Mimi.
Ceuk Sinta," Mi, urang ucing – ucingan, yu !

E. Kakawihan

➤ **Endog – endogan**

Endog – endogan peupeus hiji prék

Endog – endogan peupeus hiji prék

Goléang – goléang mata sapi bolot

➤ **Paciwit – ciwit lutung**

Paciwit – ciwit lutung

Si lutung pindah ka luhur

Paciwit – ciwit lutung

Si lutung pindah ka tungtung

➤ **Cingcangkeling**

Cingcangkeling

manuk cingkleung cindeten

Plos ka kolong

Bapa satar buleneng

➤ **Jaleuleu Ja**

Jaleuleu ja

Tulak tuja éman, gog

Seureuh leuweung, bay

Jambé kolot, bug

Ucing katinggang songsong ngék

➤ **Punten**

Punten mangga

Ari ga – gatot kaca

Ari ca – cau ambon

Ari bon – bonténg asak

Ari sak – sakit perut

Ari ru – rujak asem

Ari sem – sempal sempil

Ari pi – pilem ramé

Ari mé – méja makan

Ari kan – kantong kosong

Ari song – songsong lampu

Ari pu – puak paok

Ari wok – wok delewok

A. Wacana

Kegiatan Dina Poé Minggu

Poé minggu téh biasana poé keur kumpul jeung kulawarga. Kitu deui kulawarga Wawan. Wawan nyaritakeun pangalaman dina poé Minggu.

Unggal poé minggu kulawarga abdi sok aya kagiatan. Kadang – kadang piknik bareng atawa jalan – jalan ka kota.

Dina poé minggu ieu mah kulawarga abdi aya kagiatan beberesih, pun bapa tugasna moé kasur, pun lanceuk tugasna nyapuan buruan, ari abdi mah kabagian ngepél sareng kukumbah wadah. Ibu tugasna masak sareng nyeuseuh.


Réngsé bébérés, biasana sakulawarga dahar ngariung babarengan mani ni'mat pisan, sabab geus capé beberesih.

B. Harti Kecap

- | | |
|--------------------|----------------------------------|
| 1. Poé | = hari |
| 2. Kumpul | = berkumpul |
| 3. Kulawarga | = keluarga |
| 4. Nyaritakeun | = menceritakan |
| 5. Beberesih | = beres – beres, bersih – bersih |
| 6. Pun bapa | = ayah |
| 7. Pun lanceuk | = kakak |
| 8. Moé | = menjemur |
| 9. Nyapuan | = menyapu |
| 10. Buruan | = halaman |
| 11. Kukumbah wadah | = mencuci piring |
| 12. Nyeuseuh | = mencuci pakaian |
| 13. réngsé | = beres |

- 14.dahar = makan
15.ni'mat = enak, nikmat

C. Rupa – Rupa Parabot



ieu namina **sabun** keur **mandi**.



ieu namina **odol** keur ngosok **huntu**.



ieu namina **sikat gigi** paranti ngosok **huntu**.



ieu namina **wadah runtah** keur tempat **runtah**



ieu namina **boboko** paranti wadah **sangu** (nasi).



ieu namina **sapu nyéré** paranti sasapu di **buruan**
(halaman)



ieu namina **pésó** paranti **keukeureut**

D. Ngalengkepan Kalimah

1. Tina, dina, kana

- ❖ Ngalengkepan kalimah maké kecap **tina, dina, kana** (melengkapi kalimat menggunakan kata **dari, di, ke**).
- Conto :
 - Mida nyandak buku **tina** kantong. (Mida ngambil buku **dari** tas)
 - Mida nulis **dina** buku anyar. (Mida nulis **di** buku baru)
 - Mida nyimpen buku **kana** kantong. (Mida menyimpan buku **ke** tas)

2. Kecap ti, di, ka dina kalimah

- ❖ Ngalengkepan kalimah maké kecap ti, di, ka (melengkapi kalimat menggunakan kata **dari, di, ke**).
- Conto :
 - Dami balik **ti** sakola.
 - Dami diajar ngaji **di** sakola.
 - Dami mawa kantong **ka** sakola

E. Kecap Pananya

1. naon : apa
2. di mana : di mana
3. ka mana : ke mana
4. ti mana : dari mana
5. iraha : kapan
6. sabaraha : berapa
7. kunaon : kenapa
8. kumaha : bagaimana

conto :

- Di mana sakola Mida téh ?
- Kumaha ari rasana uyah téh ?
- Saha anu kamari teu sakola ?

Pangajaran 4 : Pangalaman Anu Matak Nineung

A. Wacana

Warung Sakola

Di SD Talénta aya warung sakola.

Warungna aya di tukangeun sakola.

Di warung téh aya rupa- rupa kadaharan.

Aya bala – bala, cilok, ciréng, jeung tahu buleud.

Kuéh – kuéh jeung peremén ogé aya.

Kadaharan di warung sakola dituruban bisi aya laleur.

Di warung sakola ogé aya inuman.

Aya ci entéh, ci kopi, ci susu, malah téh kotak ogé aya.

B. Harti Kecap

1. Tukangeun = belakang
2. Rupa – rupa = macam - macam
3. Kadaharan = makanan
4. Dituruban = ditutupin
5. Laleur = lalat
6. Inuman = minuman
7. Ci entéh = teh
8. Ci kopi = kopi
9. Ci susu = susu
10. Ci hérang = air mineral

C. Rupa – Rupa Kadaharan

1. Cilok

Cilok rasana gurih.

Dijieunna tina aci.

Biasana dicolok awi.

Bumbuna maké bumbu kacang.



2. Cireng

Cireng rasana gurih

Dijieunna tina aci

Biasana didahar maké saos atau bumbu rujak.



3. Bandros

Bandros rasana gurih campur amis.

Bandros dijieunna tina tipung beas jeung kalapa.

Bandros biasana dipurulukan ku gula.



4. Kuéh Ali agrem

Kuéh Ali agrem rasana amis.

Dijieunna tina tipung ketan jeung gula beureum.

Bentukna jiga ali.



5. Wajit

Wajit rasana amis.

Wajit dijieunna tina gula beureum.

Wajit biasana dibungkus ku daun jagong.



6. Tahu buleud

Tahu buleud rasana gurih.

Dijieunna tina tahu.

Bentukna buleud.



D. Kegiatan di Sakola



Ngaregepkeun babaturan
(memperhatikan teman)



Meresihan kelas
(membersihkan kelas)



Upacara bendera poé senén
(Upacara bendera hari Senin)



Gawé bareng jeung
babaturan
(kerja kelompok dengan
teman)




Jajan di kantin sakola
(jajan di kantin sekolah)


E. Rupa – Rupa Sasatoan



hayam jago




hayam bikang




kuda



meri



manuk



ucing



maung



reungit

